

Kisa k ap pase nan lekò leta Vil Nouyòk

[عرض هذه الوثيقة باللغة العربية](#) | [এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন](#) | [查看本文件的中文版](#) |

[Consultez ce document en français](#) | [Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen](#) |

[이 문서를 한국어로 보기](#) | [Consulte este documento en español](#) |

[Перевод документа на русский язык](#) | [یہ دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں](#) |

schools.nyc.gov/messagesforfamilies

Semèn 12 jen 2023

Mizajou fanmi sa a gen enfòmasyon enpòtan sou patisipasyon nan Summer Rising ak manje ete gratis.

Kontni:

- [Enskripsyon pou Summer Rising](#)
- [Manje ete ap kòmanse 28 jen](#)

Enskripsyon Summer Rising

Nou kontan pou di w gen apeprè 94000 elèv ki te jwenn yon plas nan Summer Rising jiska prezan, epi rès plas yo, yo mete yo apa pou elèv ki oblije patisipe nan lekòl ete. Ka vin gen yon kantite plas ki vin disponib nan semèn k ap vini yo. Yo pral divize enskripsyon pou plas ki vin disponib sa yo an de etap.

Etap 1 (aplikan ki deja la):

Yon premye lis lokal Summer Rising ki gen plas disponib ansanm ak enfòmasyon sou jan pou kontakte òganizasyon kominotè (Community Based Organization, CBO) pral disponib nan nyc.gov/SummerRising apati **vandredi 16 jen**. Priyorite plas pou plas sa yo ap fèt konsa:

- **Priyorite 1:** Frè/sè (sibling) yo te mete nan yon pwogram diferan oswa ki p at jwenn yon plas
- **Priyorite 2:** Elèv ki konekte ak CBO ak lekòl la
- **Priyorite 3:** Tout lòt elèv

CBO a pral kontakte fanmi ki vin gen yon plas disponib pou yo dirèkteman konsènan etap 1 an nan imèl yo te bay pandan premye peryòd enskripsyon an apati 16 jen.

Etap 2:

Y ap afiche nenpòt plas ki vin disponib apre etap 1 an sou nyc.gov/SummerRising **vandredi 23 jen**.

- Pou fanmi ki p at aplike pou Summer Rising ann avril, NYCPS pral reouvri pòtal enskripsyon an (disponib nan nyc.gov/SummerRising) pou lokal ki gen plas disponib jou vandredi 23 jen.
- Fanmi yo pral kapab aplike pou rès plas yo.

- CBO yo pral fè fanmi yo konnen si yo aksepte yo nan yon pwogram CBO/Summer Rising ak fòm ki nesèsè pou enskripsyon.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte lekòl elèv ou a, Summer Rising CBO, oswa pa imèl summer@schools.nyc.gov pou jwenn èd.

Manje ete ap kòmanse 28 jen

Sèvis manje ete ap kòmanse **mèkredi 28 jen!** Pwogram manje ete lekòl leta Vil Nouyòk ofri manje maten ak manje midi fòtifyan gratis pou nenpòt moun ki gen laj 18 lane pou pi plis nan Vil Nouyòk. Manje yo ap disponib nan lekòl leta yo endike, nan sant pisin kominotè, pak ak nan kamyon manje (food trucks). Ni enskripsyon, ni domikan ni pyès idantifikasyon pa nesèsè.

Dat enpòtan

- Pwogram Manje ete a ap fèt 28 jen rive 1ye septanm 2023
- Kèk lokal pral ouvri mèkredi 28 jen (Eid al-Adha). Tout lokal vil la ouvri pou bay sèvis jedi 29 jen 2023.
- Yo p ap sèvi manje ete madi 4 jiyè 2023 (Jou endepandans)

Tanpri ale sou schools.nyc.gov/summermeals pou jwenn plis enfòmasyon ak pou konnen tout enfòmasyon ki pi resan yo.